



Pou Piblikasyon Imedya: 15/02/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PRIM 166 MILYON DOLA NAN SIBVANSYON POU
187 PWOJÈ SOU KALITE DLO NAN TOUT ETA A**

***Yo te bay 101 milyon dola pou pwojè k ap benefisye kominote jistis
anviwònmantal yo***

***Finansman pou modènize enfracstrikti dlo ki vye, redui chanjman klimatik, konbat
pwoliferasyon alg ki danjere yo, pwoteje dlo potab epi anpeche kontaminasyon
potansyèl***

***EFC pral retire limit pou popilasyon an, sa k ap pèmèt plis minisipalite rivalize
pou finansman pwoblèm yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke y ap bay plis pase 166 milyon dola pou 187 pwojè pou amelyore kalite dlo atravè Eta a. Sibvansyon yo sipòte pwojè ki pral ede pwoteje dlo potab, modènize enfracstrikti dlo ki vye, konbat kontribitè nan pwoliferasyon alg ki danjere ak amelyore abita akwatik nan kominote yo nan tout eta a. Plis pase 101 milyon dola nan finansman pral sipòte amelyorasyon nan kalite dlo nan kominote Jistis Anviwònmantal ke polisyon nan anviwònman an te afekte yon fason ki pa pwoposyonèl.

"Investisman rekò New York nan kalite dlo kontinye pwoteje sante Nouyòkè yo, ekonomi an ak kalite lavi," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kominote atravè eta a pral benefisye finansman enfracstrikti dlo enpòtan sa a, ki pral pwoteje kalite dlo, anpeche polisyon ak amelyore abita yo."

Plis pase 146 milyon dola te ale nan 81 pwojè atravè pwogram sibvansyon Pwojè Amelyorasyon Kalite Dlo (Water Quality Improvement Project, WQIP) ke Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta a administre. Pwogram sibvansyon WQIP la sipòte pwojè ki pral dirèkteman amelyore kalite dlo oswa abita akwatik, ankouraje rediksyon risk inondasyon, restorasyon, ak amelyorasyon rezistans inondasyon ak klima oswa pwoteje yon sous dlo potab. Yon lòt 2 milyon dola pral nan 35 pwojè atravè Sibvansyon pou Planifikasyon Sous ki Pa Idantifyab Non-agrikòl ak Katografi Rezo Egou Separe Minisipal (Non-Agricultural Nonpoint Source Planning and Municipal Separate Storm Sewer System Mapping Grant, NPG) pou finanse pwojè ki ede peye pou planifikasyon inisyab pwojè amelyorasyon kalite dlo sous non-agrikòl ki pa idantifyab, tankou ranplasman ponso ki

pa gen bon dimansyon ak teknoloji enfrastrikti vèt, ak katografi egou dlo lapli ki dwe gen pèmi Eta a nan zòn iben yo. Pwojè sa yo pral redwi kantite dlo lapli ki polye ki antre nan lak, rivyè, ak kouran dlo, epi amelyore rezistans kont enpak chanjman klimatik.

Eta a ap bay 18 milyon dola atravè Pwogram Sibvansyon pou Inovasyon ki Ekolojik (Green Innovation Grant Program, GIGP) ak Sibvansyon pou Planifikasyon Enjeniri (Engineering Planning Grants, EPG) ke Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmanal (Environmental Facilities Corporation, EFC) la administre. Ladan, 15 milyon dola nan GIGP pral sipòte pwojè ki ede redui enpak chanjman klimatik nan kominote jistis anviwònmanal yo. Yon lòt 3 milyon dola nan EPG pral ede 61 minisipalite devlope rapò teknik pou sipòte efò yo pou pi byen pou ogmante finansman eta ak federal epi avanse pwojè ki byen fèt sou plan fiskal nan konstriksyon.

EFC te anonse jodi a tou ke l ap retire limit popilasyon 300,000 la kòm yon pati nan kritè kalifikasyon pou finansman difikilte. Retire limit la pral pèmèt pi gwo minisipalite yo fè konpetisyon pou finansman difikilte sou pwojè dlo pwòp. Pou yo ka kalifye pou sibvansyon federal, sibvansyon an ta dwe dirije pou benefisye yon kominote defavorize espesifik nan minisipalite a. Chanjman sa a pwopoze pou Plan Itilizasyon ki Prewa pou 2025 la ki pral konte sou fason yo bay Fon Renouvlab Eta a pandan ane fiskal federal la.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta New York la ak Prezidan Konsèy EFC, Basil Seggos, te deklare, "Investisman dirab Gouvènè a nan enfrastrikti New York ap amelyore kalite dlo ak ede kominote yo nan eta a adapte yo ak difikilte chanjman klimatik nou an pote. Lè yo ogmante avèk opòtinite finansman federal atravè Lwa Bipatit sou Enfrastrikti a, prim sibvansyon 166 milyon dola yo te anonse jodi a ap fè avanse pwojè enfrastrikti enpò ak lòt mezi pou pwoteje dlo New York."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral EFC a, Maureen A. Coleman te deklare, "Dlo pwòp se yon dwa, se pa yon privilèj. Nou fèm nan angajman nou pou pwoteje ak amelyore kalite dlo nan kominote ki pi bezwen li yo lè nou bay solisyon ki fè pwojè yo abòdab, pandan y ap byen fèt ak rezistan pou benefis jenerasyon k ap vini yo."

Prim WQIP yo gen ladan finansman Etid Long Island Sound lan bay. Plis pase 5.8 milyon dola nan finansman Lwa Bipatit sou Enfrastrikti (Bipartisan Infrastructure Law, BIL) atravè Ajans Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Agency, EPA) Etazini pral sipòte amelyorasyon izin tretman Distri Kontwòl Polisyon Dlo Port Washington nan Konte Nassau. Finansman an pral itilize pou reyabilite apeprè 16,000 pye lineyè egou prensipal nan sistèm koleksyon li a pou redwi devèsman egou sanitè. Amelyorasyon sa yo pral ranfòse efò pou amelyore kalite dlo Manhasset Bay epi sipòte travay k ap kontinye pou retabli Long Island Sound.

Administratè Rejyon 2 Ajans Pwoteksyon Anviwònmanal Etazini an, Lisa F. Garcia, te deklare, "EPA fyè dèske li te bay, atravè Pwogram Anbouchi Long Island Sound Estuary nou an, 5.8 milyon dola pou envesti nan Pwojè Amelyorasyon Kalite Dlo

nan basen vèsan Long Island Sound yo. Nan tout peyi a, n ap envesti nan dlo pwòp epi bay plizyè milya dola pou amelyore enfrastrikti dlo nasyon nou an pandan n ap pwoteje sante moun yo epi n ap ranfòse ekonomi lokal yo. Sa a se yon moman kritik nan tan pou amelyore enfrastrikti dlo nan Eta New York epi nou felisite eta a paske li fè amelyorasyon enpòtan sa yo, sitou nan kominote defavorize yo."

Pwen esansyèl pwojè WQIP

WQIP yo enkli amelyorasyon tretman dlo ize minisipal yo, rediksyon ak kontwòl sous dlo ki pa idantifyab ak non-agrikòl, pwojè akizisyon tèren pou pwoteksyon dlo sous, konstriktyon depo sèl, kamyon aspiratè pou zòn minisipal sistèm egou dlo lapli apa (municipal separate storm sewer system, MS4) yo, restorasyon koneksyon akwatik ak restorasyon abita maren. Eta New York kontinye bay priyorite a finansman pou pwojè ki ka ede diminye ensidan pwoliferasyon alg danjere (harmful algal blooms, HABs). Prèske mwatye nan sibvansyon WQIP ak NPG yo bay, ki totalize apeprè 56 milyon dola, pral sipòte pwojè nan basen vèsan yo konnen ki te sibi HAB nan senk ane pase yo epi/oswa ede egzekite yon pwojè ki idantifye nan yon [Plan Aksyon HAB DEC](#). Nou kapab jwenn lis konplè gayan yo nan <https://dec.ny.gov/get-involved/grant-applications/wqip-program>. Egzanp 81 pwojè ke yo finanse nan faz sa a ki mete aksan sou anvègi ak pòte sibvansyon WQIP yo gen ladan:

Pwojè Amelyorasyon Dlo Ize:

- **Otorite Egou Buffalo - 10 milyon dola pou Enfrastrikti Tretman Dlo Ize, Rediksyon Polisyon Debòdman Egou/Debòdman Egou Sanitè Konbine (Lwès New York):** Otorite Egou Buffalo (Buffalo Sewer Authority, BSA) pral konstwi yon tinèl depo anba tè nan East Delavan Avenue pou bay yon minimòm 1.5 milyon galon depo. Pwojè sa a, ki idantifye nan Plan Kontwòl Alontèm BSA a, pral redwi ekoulman k ap antre nan Scajaquada Creek soti nan debòdman egou konbine pandan peryòd gwo lapli ak nèj k ap fonn.
- **Vilaj Endicott – 1,781,120 dola pou Rediksyon Fosfò nan Enfrastrikti Tretman Dlo Ize (Southern Tier):** Endicott pral reyabilite liy egou ak twou egou epi retire koneksyon dlo lapli minisipal yo nan sistèm nan ki soti nan zòn ki gen gwo priyorite yo idantifye yo. Pwojè a pral redwi kantite fosfò k ap antre nan Rivyè Susquehanna ak basen vèsan Chesapeake Bay.
- **Vil Oswego – 1,000,000 dola pou Amelyorasyon Etablisman Tretman Dlo Ize (Sant New York):** Vil Oswego pral reyalize dezenfeksyon dlo ize li yo pou Sleepy Hollow Sewer District lè li demantle etablisman aktyèl yo epi bati yon estasyon ponp ak fòs prensipal pou voye kantite dlo yo nan etablisman tretman dlo ize ki nan Kot Lwès Vil Oswego.
- **Vilaj Speculator - 226,500 dola pou Amelyorasyon Etablisman Tretman Dlo Ize (North Country):** Speculator pral amelyore etablisman tretman dlo ize a lè li ajoute yon sistèm dezenfeksyon, pou amelyore kalite dlo Rivyè Sacandaga a.

Pwojè Kontwòl ak Rediksyon Sous ki Pa Idantifyab:

- **Vilaj Lakewood - 244,876 dola pou Konstwi yon Marekaj (Lwès New York):** Lakewood pral ranplase yon basen dlo lapli ak yon sistèm letan

marekaj ki pa fon pou pran ak trete dlo lapli ki soti nan yon zòn 44 ekta. Pwojè a pral sèvi ak melanj semans natif natal, pikèt vivan, touf bwa, ak pye bwa pou ogmante rezistans inondasyon pandan l ap diminye sikilasyon eleman nitritif nan Lak Chautauqua.

- **Distrik Konsèvasyon Tèren Agrikòl ak Dlo nan Konte Essex - 150,000 dola pou Pwogram Estabilizasyon Fose Wout (North Country):** Distri Konsèvasyon Tèren ak Dlo nan Konte Essex ak Clinton pral travay ak minisipalite lokal yo pou estabilize fose bò wout yo atravè de konte yo lè l sèvi avèk idwo-ansemansman baraj kontwòl, tisi ewozyon, ak basen sediman. Pwogram nan pral redwi ewozyon bò wout la epi amelyore kalite dlo nan kèk pati nan basen St. Lawrence, Upper Hudson ak Lak Champlain.
- **Distri Konsèvasyon Tèren Agrikòl ak Dlo nan Konte Seneca - 60,000 dola pou Estabilizasyon Bèj (Finger Lakes):** Distri a pral estabilize yon bèj ki degrade anpil sou Burroughs Creek ki te fè eksperyans ewozyon tè ki mennen nan destabilizasyon vejetasyon ak enpak sou kalite dlo. Pwojè a pral diminye sikilasyon eleman nitritif nan basen vèsan Lak Cayuga.

Pwojè akizisyon tè pou pwoteje sous dlo potab yo:

- **Finger Lakes Land Trust, Inc. (FLLT) - 1,240,000 dola pou Akizisyon Tè pou Pwoteje Lak Owasco (Finger Lakes):** FLLT pral travay avèk pwopriyetè tè yo ak patnè nan basen vèsan Lak Owasco pou pwoteje anviwon 202 ekta tè pou tout tan atravè akizisyon dirèk ak itilizasyon sèvitid konsèvasyon pèpetyèl. Pwogram nan pral konsantre sou efò konsèvasyon ak jesyon pou pwoteje Owasco Lake, yon sous dlo potab.

Estokaj sèl:

- **Vil Watertown - 406,028 dola pou Nouvo Etablisman Depo Sèl (North Country):** Vil la pral konstwi yon etablisman depo sèl pou kouvri yon pil depo sèl ki ekspoze. Pwojè sa a pral ede pwoteje Black River ak dlo anba tè ki nan yon akifè prensipal kont kontaminasyon sèl wout.

Restorasyon Koneksyon akwatik:

- **Trout Unlimited, Inc. - 249,146 dola pou rekonekte Fish Passage (North Country):** Trout Unlimited pral ranplase de ponso priorite nan rivyè Saranac nan Konte Franklin. Pwojè a pral rekonekte apeprè 6 kilomèt pou twit natif natal yo.

Restorasyon Abita Maren:

- **North Shore Land Alliance - 192,969 dola pou Retablisman Abita Natirèl (Long Island):** Alyans lan pral retabli abita natirèl epi redwi enpak dlo lapli sou yon pasèl 196 ekta tè nan Cold Spring Harbor. Pwojè a pral amelyore kalite dlo ak abita maren pou Long Island Sound.

Pwen esansyèl NPG

Nou kapab jwenn lis konplè gayan NPG yo nan <https://dec.ny.gov/get-involved/grant-applications/non-agricultural-nonpoint-source-planning-ms4-mapping-grant>. Kèk egzanp 35 pwojè ki finanse nan faz sa a ki mete aksan sou lajè ak dimansyon sibvansyon NPG yo gen ladan:

Katografi Sistèm Egou Dlo Lapli Separe Minisipal (MS4):

- **Distri Konsèvasyon Tèren ak Dlo Konte Dutchess - 180,000 dola pou Katografi Twa Vil MS4 (Hudson Valley):** Distri Konsèvasyon Tèren ak Dlo Konte Dutchess la pral travay ak vil LaGrange, Pleasant Valley ak Hyde Park pou konplete eleman katografik MS4 debaz yo. Distri a pral fini travay sou teren an pou lokalize ak fè envantè sistèm transpò egou tanpèt yo ak estrikti ki pral gen ladan tiyo, twou, basen ak debouche. Pwojè a pral ede vil yo nan fè plis swivi, enspeksyon, ak antretyen nan sistèm transpò dlo lapli yo.

Rapò Planifikasyon Sous ki Pa Identifyab:

- **Distri Konsèvasyon Tèren ak Dlo Konte Hamilton - 50,000 dola pou Etid Fazabilite Enfrastrikti Vèt Konplèks Tribinal Konte Hamilton (Mohawk Valley):** Distri Konsèvasyon Tèren ak Dlo Konte Hamilton pral konplete yon etid posibilite teknik pou evalye ak konsevwa enfrastrikti dlo lapli ekolojik nan Konplèks Tribinal Konte Hamilton nan vil Lake Pleasant. Etid la pral konsevwa estrateji pou alèjman enfrastrikti ekolojik pou trete dlo lapli k ap koule pou 2 ekta tè nan zòn ki enpèmeyab. Plan an pral mennen nan rediksyon dlo lapli ak polisyon klori, fosfò ak azòt nan Lake Pleasant.

Pwen esansyèl pwojè GIGP

GIGP sipòte pwojè toupatou nan Eta a ki itilize konsepsyon enfrastrikti vèt pou dlo lapli ak teknoloji vèt. Lis konplè 10 pwojè yo disponib nan <https://efc.ny.gov/gigp-2024>. Egzanp pwojè ki resevwa sibvansyon yo enkli:

- **Konte Erie (Lwès New York) - 3 milyon dola** pou enstale apeprè demi ekta twati vèt sou bibliyotèk santral yo ki sitiye nan kè vil Buffalo. Konte a pral modifye Bibliyotèk Santral la pou enkòpore yon twati vèt ak enstalasyon panno solè pou plis ankouraje dirabilite. Pwojè a pral redwi debòdman egou konbine epi amelyore kalite dlo Rivyè Buffalo ak Lak Erie.
- **Vil Mount Vernon (Hudson Valley) - 3 milyon dola** pou revitalize Fourth Street Park avèk pratik enfrastrikti vèt ki gen ladan byoretansyon, jaden lapli ak chose ki gen twou dlo pase ladan. Pwojè sa a pral soulaje inondasyon nan Fourth Street Park epi ede amelyore kalite dlo Rivyè Hutchinson lan. Prim sa a konplete angajman 150 milyon dola Eta New York pou modènize enfrastrikti vye Mount Vernon epi ranvèse efè plizyè deseni dezinvestisman pou kominote jistis anviwonmantal sa a.
- **Depatman Pwoteksyon Anviwonmantal Vil New York (Vil New York) - 3 milyon dola** pou transfòme plizyè lari pou tounen lari vèt nan Brooklyn ak Bronx. Vil la pral modènize tè plen yo avèk pyebwa byoretansyon ak

dlo lapli pou ede diminye dlo k ap koule ak debòdman egou konbine yo nan East River ak Jamaica Bay.

- **Vil Ticonderoga (North Country) - 1.8 milyon dola** pou esntale 1,700 mètr dlo nan vil ki pa gen kontè dlo nan moman an. Pwojè sa a pral ede vil la respekte règleman sou pèmi pou retire dlo epi amelyore kalite dlo Rivyè LaChute la.

Pwen esansyèl pwojè EPG

Seri prim EPG sa a pral finanse depans teknik pou ede kòmanse planifikasyon pou 61 pwojè egou yo. Sibvansyon pou planifikasyon yo ede kominote yo prepare pou aplike pou sibvansyon ak finansman atravè Fon Renouvlab Eta a pou Dlo Pwòp (CWSRF) ke EFC administre. Sibvansyon planifikasyon yo ede finanse devlopman yon rapò enjeniri, ki nesèsè nan pwosesis aplikasyon finansman EFC. EPG yo ede minisipalite yo fè avanse pwojè ki bon ak byen konsevwa nan nivo fiskal jiska konstriksyon. Gen yon lis konplè benefisyè yo ki disponib nan <https://efc.ny.gov/epg-2024>. Egzanp pwojè ki resevwa sibvansyon yo enkli:

- **Vil Schenectady (Distri Kapital) - 50,000 dola** pou etidye pwojè modènizasyon Estasyon Ponpaj Distri Anba Lavil la.
- **Otorite Dlo ak Egou nan Konte Livingston (Finger Lakes) - 100,000 dola** pou opsyon etid pou amelyorasyon nan egou k ap koule nan Camp Run.
- **Vil Jamestown, (Lwès New York) - 100,000 dola** pou opsyon etid pou dlo k ap antre ak enfiltrasyon.

Sous finansman

WQIP prensipalman jwenn sipò Fon Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Fund, EPF) eta a ak Lwa pou Amelyorasyon Enfrastrikti Dlo Pwòp (Clean Water Infrastructure Improvement Act, CWIA); NPG jwenn sipò PF la; GIGP jwenn sipò CWSRF ak EPG jwenn sipò finansman administratif EFC. Bidjè Egzekitif 2024-25 Gouvènè Hochul la sipòte EPF la avèk 400 milyon dola istorik. EPF bay finansman pou pwogram anviwònmantal enpòtan yo tankou acha teren, pwoteksyon tè agrikòl, prevansyon ak eliminasyon espès anvayisant, aksè ak pi bon lwazi, amelyorasyon kalite dlo ak yon pwogram agresif nan zafè jistis anviwònmantal.

Angajman New York pou Dlo Pwòp

Eta New York kontinye ogmante investisman nasyonal li yo nan enfrastrikti dlo, [ki gen ladan 325 milyon dola nan opòtinite sibvansyon ki disponib kounye a](#). Avèk Bidjè Egzekitif Gouvènè Hochul pwopoze 500 milyon dola sou dezan an, New York pral investi yon total 5.5 milya dola nan enfrastrikti dlo depi 2017. Nan de ane ki sot pase yo sèlman, plis pase 5 milya dola nan finansman ak finansman eta ak federal yo te akòde bay kominote yo nan tout eta a. Anplis de sa, yon inisyativ Eta Leta Gouvènè Hochul 2024 la ogmante sibvansyon enfrastrikti dlo pou ti kominote riral ak defavorize yo soti nan 25 rive nan 50 pousan nan depans nèt pwojè elijib yo pou ede sipòte pi piti kominote yo.

Finansman sa a tou se anplis lòt gwo envestisman nan kalite dlo, ki gen ladan [Lwa sou obligasyon pou dlo pwòp, lè pwòp ak travay ekolojik \(Clean Water, Clean Air and Green Jobs Environmental Bond Act\)](#) 2022 4.2 milya dola elektè yo apwouve ki ap fè nivo finansman istorik la avanse pou modènize enfrastrikti dlo ki ansyen epi pwoteje kalite dlo, ranfòse kapasite kominote yo pou yo reziste kont gwo tanpèt ak inondasyon, redwi polisyon nan lè a epi diminye emisyon ki chanje klima yo; retabli abita yo epi prezève espas deyò ak fèm lokal yo. Premye faz finansman nan kad Lwa sou Obligasyon Anviwònmantral la te akòde atravè pwogram WIIA/IMG nan mwa desanm, lè [Gouvènè Hochul te anonse 479 milyon dola nan sibvansyon pou 156 pwojè](#) atravè Eta New York. Kominote defavorize yo pral resevwa omwen 35 pousan nan benefis finansman Lwa sou Obligasyon an, avèk yon objektif 40 pousan.

Enfòmasyon sou Demann Finansman Konsolide

Sibvansyon ke yo te anonse jodi a te debouse apre achèvmman pwosesis Enfòmasyon sou Demann Finansman Konsolide (Consolidated Funding Application, CFA) a. CFA te kreye pou senplifye ak akselere demann sibvansyon yo epi make yon chanjman fondamantal nan fason yo distribye resous eta yo, pou garanti mwens biwokrasi ak plis efikasite pou satisfè bezwen devlopman ekonomik lokal yo. CFA a sèvi kòm sèl pwen dantre pou jwenn aksè a finansman devlopman ekonomik yo, sa k ap garanti aplikan yo p ap gen pou pèdi tan ant plizyè ajans ak sous san okenn mekanis pou kowòdinasyon. Kounye a, pwojè devlopman ekonomik yo itilize CFA kòm yon mekanis sipò pou jwenn aksè a plizyè sous finansman eta yo atravè yon sèl aplikasyon, sa k ap rann pwosesis la pi rapid, pi fasil, ak pi pwodiktif. Ou kapab enfòme plis sou CFA nan <https://apps.cio.ny.gov/apps/cfa/>.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)